Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

# Вестник Чапар

Казбек районалъул газета

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 44 (9838) 11 ноябрь 2019 с. / Итни 14 Рабиг1уль-аввал 1441 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.

## 10 ноябрь – День сотрудника органов внутренних дел РФ

***Уважаемые сотрудники и ветераны правоохранительных органов! Поздравляю вас с профессиональным праздником!***

Вы избрали главным делом своей жизни защиту справедливости, чести и достоинства человека, законности и общественного порядка, и проявляете при исполнении служебных обязанностей силу, мужество и самопожертвование. Именно к вам обращаются за помощью граждане в трудную минуту, и вы, верные присяге, всегда готовы откликнуться на беду.

Благодарю всех сотрудников правоохранительных органов за преданность долгу, за самоотверженное служение Отечеству ради благополучия и спокойствия наших детей и близких.

Особые слова признательности ветеранам органов внутренних дел, которые вносят посильный вклад в дело воспитания молодых сотрудников и делятся профессиональными знаниями и богатым жизненным опытом. Мы свято чтим светлую память наших героев, отдавших жизнь за торжество закона и гражданский мир на родной земле

Желаю всем сотрудникам ОМВД России по Казбековскому району крепкого здоровья, бодрости духа, выдержки, терпения, взаимопонимания, дальнейших плодотворных успехов в деле охраны общественного порядка на благо процветания нашего Казбековского района, Республики Дагестан и всей России!

**Глава МР «Казбековский район» Гаджимурад Мусаев.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов.**

…………………………………………………………….

***Уважаемые сотрудники полиции, ветераны органов внутренних дел!***

Примите искренние поздравления с профессиональным праздником! Ваша служба – образец мужества и выдержки. Желаю крепкого здоровья, успехов в службе и выполнении профессионального и гражданского дела.

Пусть в ваших домах царит мир, уют и взаимопонимание.

**М.-п. (К.-п.) Д. Умаханов депутат Народного Собрания РД.**

…………………………………………………………….

Служба в полиции трудное, опасное, но благородное дело. Позвольте искренне поблагодарить вас за преданность избранной профессии, за вашу добросовестную работу во благо общества. От всей души желаю вам и вашим семьям крепкого здоровья благополучия, спокойной службы и счастья.

**Секретарь ВПП «Единая Россия» Махачев Д.Г.**

## Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса.

Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьарияl х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун. Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-286 гъурущ.

***Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив***

## Медаль кьуна

20 июналда къватIибе бачIараб №24 «Чапар» газеталда бахъараб **«Он себя героем не считает»** абураб макъалаялда бицен гьабун букIана Ленинаул росулъа гIолилав Муслим ТIалхIатовас жиндирго гьудул ГIумар Шавхалбиев хвасар гьавиялъул хIакъалъулъ.

Дагьал церегIан къояз Россиялъул Федералияб Собраниялъул председатель Валентина Матвиенкоца Муслим ТIалхIатовасул каранда бана **«За мужество при спасении»** медаль.

***Асият Дибирова.***



*4 ноябрь- халкъазул цолъиялъул Къо*

## Байрам кIодо гьабуна



Цересел соназ 7 ноябралда кIодо гьабулеб букIараб, КIудияб Октябралъул байрамалъул бакIалда гьелъие цIар кьуна, 4 ноябрь - халкъазул цолъиялъул Къо, абун. Гьеб байрамалде гIахьаллъулаан тIолабго росдал гIадамал, мугIалимзаби,цIалдохъаби .

Кодор кколаан багIарал байрахъал, батIи-батIиял лозунгал плакатал. Сверухълъиго макьидаса борчIизабулеб гIадаб гьаркьидалъун бачунаан Совет Союзалъул гимн, гьарулаан баркиялъулал кIалъаял. Гьел кIудияб гъира-шавкъалда гIахьаллъулаан гьединал данделъабазде.

31 октябралда районалъул культураялъул Централда байрам кIодо гьабизе рачIун рукIана районалъул школа-искусствоялъул цIалдохъаби, Дилим росдал №1 **«Маргьа»**, №2 **«КенчIеро»**, №3 **«Къункъра»**,лъималазул ахазул гьитIичал.

ТIоцебе байрам баркараб кIалъай гьабуна районалъул библиотекаялъул хIалтIухъан М-хIабибов М-хIабибица. Гьес гьитIичазе гьарана талихIаб лъимерлъи, ракълилаб гIумру, гIагараб росдае, ВатIаналъе ритIухъаллъун рук1ин. ГьитIичаз гьениб бихьизаруна кьурдизе, кечI ахIизе жидерго бугеб гьунар.

Данделъиялда культураялъул хIалтIухъан Рисалат Сурхаевалъ баркала кьуна гьединаб программагун байрам кIодо гьабизе лъималги рачун рачIарал музыкалиял воспитателал, Сакинат Мурадисовалъе (№1 **«Маргьа»**), Загьра ХIажимухIамадовалъе ва Заира Мадаевалъе (№2 **«КенчIеро»**), Равза Абуевалъе (№3 **«Къункъра»**), гьединго Зайнап ХIапизовалъеискусствоялъул школа. Районалъул культураялъул Централъул рахъалдасан гьел кIодо гьаруна ХIурматалъул грамотабаздалъун

***ХI. Каримова.***

4 ноябрь-халкъазул цолъиялъул Къо!

**Байрам кIодо гьабуна**

**Ц1ализе бегьула - 2 гьум.**

Наша служба и опасна и трудна

**Музейная витрина**

**Ц1ализе бегьула - 5 гьум.**

Спорт-инсанасул сахлъи

**Турнир тIобитIана**

**Ц1ализе бегьула - 6 гьум.**

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# Рак1бац1ц1адаб х1алт1уда



**Г1абдулх1апизов Г1абдуразакъ Мух1амадзапирович, полициялъул майор.**

гьавуна 1978 соналъ Ичк1а росулъ. Полициялде х1алт1изе лъугьана 1998 соналъул августалда. 2002 соналъул июлалдаса 2009 соналъул апрелалде щвезег1ан хъулухъ гьабуна Чачан Республикаялъул Курчолай районалъул полициялъул отделалда бат1и-бат1иял х1алт1абазда.

Жакъа къоялде хъулухъ гьабула буго ОМВДялда цебе г1уц1араб хасаб ротаялъул (СОГА) лъул инспекторлъун.

Рак1бац1адаб хъулухъалъухъ Г1абдуразакъ цо чанго нухалъ мустах1икълъана бат1и-бат1иял шапакъатазе.



**Г1амиров Руслан Гъаирбегович, полициялъул майор**

гьавуна Гъозтала росулъ 1971 соналъ.

Жакъа къояда хъулухъ гьабула буго районалъул г1адлу бихарал заманаялъ хьихьулеб изоляторалъул (ИВС) начальниклъун.

Рак1бац1адаб хъулухъалъухъ Руслан мустах1икълъана I, II, III – даражаялъул **«Хъулухъалъе т1ок1лъиялъе»** медалазе ва цо чанго шапакъатазеги.



**Чупалаев Сапармурад Мухтарович, полициялъул прапорщик**

гьавуна 1991 соналъул декабралда, Буртунай росулъ.

Полициялде х1алт1изе лъугьана 2011 соналда мухъилав полициявлъун.

Жакъа къоялда хъулухъ гьабулеб буго ОГИБДДялъул инспекторлъун.



**Мух1амадов Жабраг1ил Шамсудинович, полициялъул к1удияв сержант.**

гьавуна 1994 соналъул июлалда, Дилим росулъ.

Полициялде х1алт1изе лъугьана 2016 соналъ водительлъун.

Жакъа къоялда хъулухъ гьабулеб буго ОГБДДялъул инспекторлъун.

***И. Идрисов.***

# Школа-дир къисмат

***«Чапар» газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабаз г1емераб хъвала ва хъвазе х1аракат бахъила, газеталъул гьурмазда районалъул г1олеб г1ел куцаялъулъ, гьезие бит1араб тарбия кьеялъулъ к1удияб к1вар лъолел, муг1алимзабазул, тарбиячаг1азул ва цогидазулги х1акъалъулъ макъалаби.***

Муг1алимасул аслияб масъалалъун ккола-инсанасулъ рук1ине кколел лъик1ал хасиятал куцай, гьесие г1елму-лъай кьейи, гьесулъ рахчарал бальгоял махщелал загьир гьари. Узухъда, ц1алдохъанасда г1елму манлъизе ккани живго муг1алимасулъ рук1ине ккола камилаб г1акълу, ц1ик1к1араб лъай, х1албихьи, ва цогидалги лъик1ал хасиятал.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго, гьел т1адехун рехсарал киналго хасиятал жиндилъ ругей, Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул г1урус ва маг1арул мац1азул муг1алим Г1исаева Заира Мух1амадг1азизовналъул х1акъалъулъ.

Гьей рак1бац1ц1адай, х1еренай, гьимун гурони чиясде к1алъаларей г1аданалъ 22 соналъ дарсал кьолел руго г1агараб росдал школалда. Заира г1уна к1удияб, г1адлу-низам ц1унараб, къвариг1аралъур росуцоязе х1алае ратулел муг1алимзаби Мух1адг1азизил ва Вазипатил хъизамалда. Абула лъималаз босулин мисал эбел-инсул хьвада-ч1вадиялдасан. Гьелъ батила Заирал гьит1инго рокьи бижараб муг1алимасул х1алт1уде. Гьелъул эбел Вазипат Мух1амадовналъ 50 ялдасаги ц1икк1ун соназ х1алт1ана росдал школалда. Гьединго, мунагьал чураяв Мух1аммадг1азизицаги к1удияб лъалк1 тана лъималазе лъайгун тарбия кьеялъулъ.

Школа лъуг1ун хабуй Заира ана Дагъистаналъул Педагогическияб Университеталде ц1ализе. Лъик1ал къиматазда гьебги лъуг1изабун т1адюссана г1агараб росулъе.



*Сураталда:*
*З. ГIисаевалъул классалъул цIалдохъаби.*

Х1алт1ул т1оцересел соназго гьелъ жийго йихьизаюна зах1мат бокьулей , х1алт1уде ва лъималазде рокьи бугей, цадахъх1алт1уледехун адаб-хатир ц1ик1к1арай г1аданлъун.

Нилъер умумузул аби буго **«Гьит1инго щвараб лъай-ганч1ида бик1араб накъищ буго»**-ян абураб. Гьединлъидал, З.Г1исаевалъ т1адч1ей гьабула ц1алдохъабазда жинца бицунеб дарс раг1а-ракьанде щун бич1инабизе, гьезул ц1алудехун гьира базабизе, х1аракат бахъула ц1алдохъабазулъ эбелаб Ват1аналде, вижараб ракьалде рокьи бижизабизе. Лъималазул ц1алуде гьира базаби мурадалда гьелъ , классалда адабияталда хурхарал г1емерал тадбирал т1орит1ула, рачуна бат1и-бат1иял бак1азде (экскурсиязде) бихьа-рег1изе.Дагьал цереr1ан къоязги гьей классгун щвана Г1иса аварагасул (г1.с) ц1аралда балеб бугеб мажгит бихьизеги.

Цоги нухалъги Заира лъик1ай муг1алим йик1иналъе нуг1лъи гьабула рак1бац1ц1адго гьабураб х1алт1ухъ гьелъие щварал Х1урматалъул грамотабаз ва къиматал сайгъатал.

Лъик1ай муг1алим гурейги З.Г1исаева ккола мисалияй эбеллъунги. Гьелъ г1умрудул гьудул Шамильгун цадахъ г1езаруна лъабго васги цо ясги. К1удиял васал Дагъистаналъул Исламияб Университеталда, гьит1инал васги-ясги школалда ц1алулел руго лъик1л къиматазда.

***Асият Дибирова.***

# Буртунаялде сапар



Гьаб соналъул 25-аб. октябралда Гъозтала росдал школалъул байбихьул классазул мугIалим Нурипат ХIосеновалъ 1аб. классалъул цIалдохъабигун ва гьезул улбулгун адахъ сапар бухьана Буртунай росулъе. Гьенире иналъул аслияб мурад букIана, кIиябго росдал школазул цIалдохъабазул цуцалъ бухьен жеги щула гьаби ва Байбулатов Камилил рукъоб бугеб музеялда ругел экспонатазул халгьаби.

Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъухъе щвавалго нижеда дандчIвай гьабуна гьеб школалъул 1 аб. классалъул мугIалим Маржанат Чупалаевалъ ва лъималазул улбуз. Гьениб цоцазулгун лъай- хъвайги гьабун ниж щвана музеялде.

Камиль Байбулатовас ниж цIакъ разиго къабул гьаруна ва бицана гIемераб бакIалде щун бакIарараб тIагIалил ва жиндирго квераз гьабураб хIалтIул. Нижеца лъималазда бихьизабуна нилъер умумуз квание хIалтIизе гьабулеб цIарагIи ва рукъалъул хIажат тIубалел рукIарал алатал. Лъималаз,гIажаибълъи гьабуна жеги сураталда гурони рихьун рукIинчIел тIагIелал рихьидал.

Музеялъул хважаинасе баркалаги кьун ниж чIана аскIоб бугеб гIурдаллъиялда. КIиябго росдал школазул цIалдохъабаз,рукIана церего цуцазда лъалел рукIаралгIадин цоцалъ журан кьурдила, расандила ихтилаткепалда.

Бакъанил гIужалда ниж росулъе тIад русине хIадурлъана. КъотIи гьабуна тIасияб соналъ буртабазул лъимал Гъозталаялде гьоболлъухъ ахIизе.

Гьениб диде ракIалде бачIана мунагьал чураяй эбелалъ бицунеб букIараб хабар. **«РетIине партал къанагIатаб, хIатIида ретIине хьит гьечIеб, гIорцIизегIан кванaзе квен щолареб доб умумузул заманалда гIадамазул цуцалъ букIараб гъункиялъул. Чанги гIазу-цIад барал квачарал къояз унаанин буртабазе кумекалъе картошка бухъизе. ЦIоросаролъ ролъ гъозталаяз бакIарулеб заманалда гьелги рач1унаанин кумекалъе, гьединал ракIал лъикIал, цуцаздехун гурхIел бугел, къварилъи гIатIилъи ккаразе хIалай ратулел гIадамал рукIанила цебе заманалдаги»**,-ян бицунаан гьелъ.

Руго гьаб заманалдаги яхIнамус бугел, вакъарав, къечарав чи лъалел, ракI унтун хIажалъи ккаразе хIалае ратулел унго-унгоял сахаватал гIадамал.

Гьединал лъикIал гIадамазул гIамалги, хасиятги, цуцазе загьир гьаби, умумузул тарих лъазаби гьезул букIараб гIумру ракIалде щвезаби буго гьанже заманалда нилъее чара гьечIого хIажатаб жо. Инсан рухIияб тарбия кьун гIезави, битIараб нухде вачин, гьеб буго нилъеда тIадаб борч.

ПIадада гуро абулеб, **«Гьудуллъиялъулъ бугин нилъер къуват»**-ан. Гьудуллъи щула гьеби букIана, рехсарал росабазул цIалдохъабазул мугIалимзабаз жидедаго цебелъураб масъала.

***Асият Сурхаева, Гъозтала росу.***

*Ополчениялъе- 20 сон*

# Калининаулалъул ополчение

1999 соналъул 5 абилеб сентябралда ЦIияблак районалъул гуребги Калининаул росдал гIорхъабаздеги щвана яргъид гIуцIарал гъачагъазул къокъаби.Росулъ хехаб къагIидаялда г1уц1ана штаб ва гIисиналги чIахIиялги гъорлъе рачараб ополчение. Росу сверун рухъана хандакъал,хасго гьел рихьиялъулъ лъикIаб хIалтIи гьабуна экскаваторщик ХIажимурад ПIалиевас.

Къаси-къад чIечIого щулалъалаби гьаруна росдада сверухъ ругел бакIазда, дежурство гьабизе лъуна ополченцазул къукъаби.

Гьеб кинабго гьабулеб хIалтIуе цевехъанлъун вукIана росу цояв запасалда вугев полициялъул подполковник Зайид Зулуев. Чачан республикаялда рукIарал рагъазул хIасилалда чIахIиял камиял ккезаруна Россиялъул аскаразе ва рагъулаю техникаялъе.

Ахиралда гьел гъачагъал кIанцIана Болъихъ районалъул росабазде жанире. Россиялъул армиялъ гьенисан нахъе хъамулаго гъачагъазе ккана чIахIиял камиял ва гьездаса Дагъистаналъул росабигун ракьал эркен гьаруна.

ЛъикIаб гьабизе, квешаб тезе тавфикъ кьеги Аллагьас киназего.

***Х.Висаитов, Калининаул росу.***

# Поэзиялъул гъумер

Мух1амадбег АБУЛАЕВ, Россиялъул журналистазул Союзалъул член, педагог-ветеран, Гуни росу.

## ДИР ГЬАРИ

*Щибаб какда хадуб къойилго дица,*
*Халкъалъе гьарула гьудуллъи, вацлъи.*
*Ракълилаб г1умруги, г1елмуги, лъайги,*
*Аллагь, г1аламалъе дуца кьейилан.*

*Эбелаб доб нухги, инсул гьоболги,*
*Г1олилал нужеца хисугейилан.*
*Хирияб Ват1анги, рехсараб ракьги,*
*Къо ккани ц1унизе х1адур рук1аян.*

*Умумухъан нилъей ирсалъе щвараб,*
*Лъик1лъабазул байрахъ борхатго ккеян.*
*Гьезул бах1арчиял ишазул нухал,*
*Харица рахчизе риччагейилан.*

*Халкъалъе жидеца пайда гьабулел,*
*Т1адчаг1и х1алт1уда хут1агийилан.*
*Х1арам-х1алалалъухъ балагьич1ого,*
*Рищват босулезде унти ккагиян.*

*Намусги бечедал, ях1ги ц1ик1к1арал,*
*Ц1акъал г1адамазе сахлъи кьегиян.*
*Лъик1абги квешабги бат1а бахъизе,*
*Бет1ергьанас нужей кумек гьабеян.*

Т1алх1ат АХЪБЕРДИЕВ, Гъизилюрт шагьар.

## Коррупциялде данде!

Коррупциялде данде
Рагъ гьабизе кколилан,
Бицунебги хъвалебги
Хабар г1емерлъун буго.

Гьелде данде гьабулеб
Х1алт1и сверулеб буго,
Кагътаздеги машгъуллъун
Пайда гьеч1ел ишазде.

Кето мимидунилан
Гьвеца х1апи толаро,
Чахъаби гъадунилан
Дуг1нулги т1уруларо.

Х1елкал г1ег1едунилан
Ц1умил х1ал хисуларо,
Х1амуз г1ундул к1орок1ун
Бац1алги х1инкъуларо.

Киналго х1акимзаби
Квешал ругин абуни,
Мекъи ккезе бегьула-
Мунагь т1аде ц1аларо.

Амма, гьел г1емерисел
-Дида рак1алде ккола
«Г1ор щведал ц1ул бахъизе»
Хъаравуллъуда ругин.

Коррупциялде данде
Къеркьей гьабизе ккани,
Цин байбихьизе ккола,
-Бищунго т1арадасан.

Гьединан гьабич1они
Т1алъиялъул хит1абал,
Кагътида хут1илилан
Щакдарулев вуго дун!

Х. ВИСАИТОВ, Калининаул росу.

## ЗАМАНА ХИСУН БУГО

*Заман хисулеб буго,*
*Закон чучлъулеб буго.*
*Чинал гІемерал руго,*
*Цебе унеб дагь буго.*

*Мухъилав хІалтІухъанас,*
*ХІалалаб тІалаб гьабун.*
*Нухмалъулез бикъулеб,*
*Заман буго тІаде щун.*

*Ракьалдаса босулеб,*
*Бечелъи кІочене тун.*
*ЗахІмат бихьич1еб боцІи,*
*Бокьарал гІемер руго.*

*Рикъула миллионал,*
*Рехун тола хъизаби.*
*ТІурун уна цІукІаби,*
*ЦІуял гІанкІал кинниги.*

*Цониги бихьуларо,*
*Мухъилав хІалтІухъанас.*
*ХІалихьатаб цІогь гьабун,*
*Закон хвезе гьабураб.*

*Бетарахь тІаде ккараб,*
*ТІорахь гьоркье буссараб.*
*Заман бачІун бугилан,*
*Мекъи кверал регьуге.*

*Ниж руго херал чагІи,*
*Ниж руго ветеранал.*
*Гьари буго цІогьазде,*
*Рехун те квешаб гІамал.*

Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.

## Дие бокьун букІуна

Дие бокьун букІуна
Гьаб ракьалда халкъалъул,
Цоцалъ рокьигун гъунки,
Даимаблъун букІине.

Дие бокьун букІуна
Гьаб ракьалда гІадамал,
ГІумрудул сонабазулъ
ТалихІаллъун рукІине.

Цоцадехун гьимулел
Гьормал гьезул рукІине,
РакІазулъ лъикІлъи гуреб,
ЖахІда букІунгуртІизе.

Дица БетІергьанасде
Даим гьарулеб буго,
Гьудуллъиги вацлъиги
Гьезулъ щула гьабеян.

ЦІуне квешлъабаздаса!
ЦІуне балагьаздаса!
Раче Аллагь дуца халкъ
Мун разияб нухдасан!.

Диана АСХІАБОВА, Калининаул росу.

## ГІадатияй мугІрул яс

*ХІурматалъул хъорщода,*
*Хъахlаб хараги тlад чlван,*
*ГІадатияй мугІрул яс*
*Рашия йихьуларищ?*

*КІудияб хІарпалъ цІар хъван,*
*ЦІвабзазда гъорлъ кенчІолей,*
*Дагъистанго чІухІарай*
*МугІалимин гьей кколей!*

*ГІакълу жиндир камилай,*
*Калам жиндир пасихІай,*
*Ккаралъуб кумек жиндир,*
*Кидаго хІадур бугей!*

*Ниж дудаса чІухІула,*
*Ниж дудаса рохула,*
*Кидаго нижгун теян*
*Аллагьасда гьарула.*

*БетІергьанас кидаго*
*Чорхое сахлъи кьеги,*
*Лъималазе лъай кьезе*
*Пагьмуги дур цІикІкІаги.*

*БецІал къоял нахъе ун,*
*Даимаб бакъ гвангъаги,*
*Мун разияб гІумру кьун,*
*БетІергьанас хьихьаги.*

ГІабдуразакъ МУХІАМАДОВ, ИчкІа росу.

## МагІарул хасият хвезе тун гьечІо

**МагІарул хасият хвезе тун гьечІо,**
**Харабазул нухда щула чІун руго,**
**Рокьулъги кьалулъги кьварараб гІамал,**
**ГІолилаз кибгоги цІунулеб буго.**

**Бокьила божизе нужер наслабаз,**
**Нуж нечолеб гІамал гьабизе гьечІо,**
**Умумуз нижее ирсалъе тараб,**
**ИяхІги, намусги цІунизе буго.**

**Умумуз гьабураб гьабизе буго,**
**Умумуз бицараб бицине буго,**
**Умумуз ретІараб ретІине буго,**
**Нужер ирсилаллъун рукІине руго.**

**Рекъелгун, гьудуллъи, гьалмагълъи вацлъи,**
**Ракьалда хвезегІан цІунизе буго,**
**Хиянатги гьабун тІаде щваразе,**
**Щвезабила гІажал нужеца гІадин.**




Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства об образовании, в части размещения информации на официальном сайте образовательного учреждения в сети Интернет.

В ходе проверки официальных сайтов образовательных учреждений Казбековского района установлено, что в нарушение норм законодательства об образовании, официальные сайты образовательных учреждений не в полной мере соответствуют требованиям правил размещения и обновления информации в сети Интернет.

Так, в нарушение Федерального закона от 29.12.2012 № 273-ФЗ **«Об образовании в Российской Федерации»** в двенадцати образовательных учреждениях района не в полном объеме размещена информация о деятельности образовательных учреждений в сети Интернет.

Информация на сайтах образовательных учреждений в соответствии с установленными требованиями не обновляется.

По результатам проверки прокуратурой района в Казбековский районный суд направлены исковые заявления об обязании разместить и обновить на официальном сайте информацию, подлежащей размещению в сети **«Интернет».**

*М.М. ХАЛИЛОВ,*
*прокурор района, старший советник юстиции.*

# ОМВД сообщает…

Во исполнение Указа Президента Российской Федерации от 07 мая 2012 года № 601 **"Об основных направлениях совершенствования системы государственного управления",** Федерального закона от 27 июля 2010 года №210-ФЗ **"Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг»** ОМВД России по Казбековскому району предоставляет гражданам государственные услуги по направлениям:

-государственная услуга по проведению добровольной государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации.

-государственная услуга по выдаче справок о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования.

***Начальник Дежурной части - Мансуров Гусейн Абдулварисович.***

**Режим работы:**

Понедельник, вторник, среда, четверг, пятница с **09:00 до 17:00**.

Суббота с **09:00 до 13:00.**

Обед: с **13:00 до 15:00** Воскресенье «Выходной».

Предварительная запись по телефонам: **+7988-301-68-30** Консультация по телефонам: **(8722) 99-48-22, 988-301-68-30.**

***Начальник миграционного пункта - Джамиева Патимат Магомедрасуловна***

-государственная услуга по выдаче, замене паспорта гражданина РФ, удостоверяющего личность гражданина РФ.

-регистрационный учет граждан РФ по месту пребывания и по месту жительства в пределах РФ.

-осуществление миграционного учета в РФ.

**Режим работы:**

Понедельник, среда, пятница с **09:00 до 15:00.**

Исключения: Понедельник после рабочей субботы выходной: вторник, четверг с **15:00 до 20:00,** суббота с **09:00 до 15:00.**

**Исключения:** Прием осуществляется в 1-ю и 3-ю субботу месяца за исключением праздничных дней.

Обед: с **13:00 до 14:00** Воскресенье **«Выходной»**.

Предварительная запись по телефонам: **(8722) 55-32-35** Консультация по телефонам: **(8722) 55-32-35, 988-470-16-20**

***ГВМпос. Дубки главный специалист эксперт-Идрисова Патимат Абдулкадировна.***

***-государственная услуга по выдаче, замене паспорта гражданина РФ, удостоверяющего личность гражданина РФ.***

***-регистрационный учет граждан РФ по месту пребывания и по месту жительства в пределах РФ.***

***-осуществление миграционного учета в РФ.***

**Режим работы:**

Понедельник, среда, пятница с **09:00 до 15:00.**

Исключения: **09:00-15:00** (прием осуществляется с 2-ю и 4-ю понедельника месяца за исключением праздничных дней)

Вторник, четверг с 15:00 до 20:00, суббота с **09:00 до 15:00.**

Исключения: Прием осуществляется в 1-ю и 3-ю субботу месяца за исключением праздничных дней.

Обед: с **13:00** до **15:00** Воскресенье **«Выходной».**

Предварительная запись по телефонам: ***(8722) 99-68-08, 928-520-1665***

Консультация по телефонам: ***(8722) 99-68-08, 928-520-1665***

Кроме того, МВД по Республике Дагестан предоставляет государственную услугу для получения справок о реабилитации жертв политических репрессий, архивных справок, проставление апостиля на официальных документах, подлежащих вызову за пределы территории РФ. Заявители могут направить Интернет- обращения путем заполнения специальной формы в федеральной государственной информационной системе **«Единый портал государственных и муниципальных услуг»** (www.gosuslugi.ru). Срок исполнения справок о наличии (отсутствии) судимости, архивных справок - 30 дней со дня поступления заявления в электронном виде.

Дополнительно сообщаем, что у граждан есть возможность предварительной записи для получения государственных услуг с помощью единого портала государственных услуг.

В системе **«горячей линии МВД России»**, в дежурной части МВД по Республике Дагестан функционирует абонентский телефонный номер- **«телефона доверия».**

***Начальник ОМВД по Казбекоскому району,***
***полковник полиции А.Г. ХАЛИДОВ.***

# *ПОСТАНОВЛЕНИЕ*

*31 Х. 2019 г. 112 с. Дылым.*

***О начале отопительного сезона 2019-2020 гг.***

В соответствии с Федеральными законами от 6.10. 2003 г. № 131-ФЗ **«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»,** Правилами предоставления коммунальных услуг собственникам и пользователям помещений в многоквартирных домах и жилых домов утвержденными постановлением Правительства Российской Федерации от 6.05. 2011г. № 354:

1. Начать отопительный сезон 2019-2020 гг. на территории Казбековского муниципального района с 01.11.2019 г.

2. Рекомендовать теплоснабжающим организациям обеспечить теплоснабжение учреждений социальной сферы с 01.11, 2019 г. (согласно представленным заявкам и технической возможности подключения).

3. Опубликовать настоящее постановление в газете **«Чапар»,** в сетевом издании **«Салатавия»** и разместить на официальном сайте муниципального района.

4. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации-муниципального района Змеев З.Н.

***Глава муниципального района «Казбековский район»***
***Г.Г. МУСАЕВ.***

## *АО «МАКС-М защитит Ваши права и законные интересы при получении медицинской помощи в системе ОМС»*

**Обращайтесь к нам, если:**

- Вам отказали в предоставлении бесплатных медицинских услуг;
- Вы все же оплатили услуги, которые должны предоставляться бесплатно (сохраните при этом все документы, подтверждающие оплату);
- Вам отказано в доступе к медицинской документации, в которой содержатся сведения о состоянии Вашего здоровья, либо в выдаче копий этих документов;
- Вам отказали (попросили купить самостоятельно) при лечении в стационаре в бесплатном обеспечении лекарственными средствами, которые предоставляются согласно перечня ЖНВЛС или (при их отсутствии) не предложили бесплатных аналогов, заменяющих их;
- Вам предложили заключить договор на оказание платных услуг, оплатить расходные материалы, изделия медицинского назначения и подписать отказ от предоставления бесплатной медицинской помощи, предусмотренной программой государственных гарантий;
- Вы не получаете медицинскую помощь надлежащего качества, к Вам невнимательно относятся в медицинском учреждении;
- Вы полагаете, что Вам оказывают услуги в неполном объеме или необосновано отказывают в госпитализации;

**По Вашему обращению, на основании всех представленных Вами документов, страховая медицинская организация АО «МАКС-М»:**

- проведет детальное рассмотрение Вашего случая;
- при необходимости назначит экспертизу качества медицинской помощи;
- окажет Вам содействие в организации качественной бесплатной медицинской помощи в рамках программы обязательного медицинского страховани.

Будьте всегда на связи с АО **«МАКС-М».** В Вашем распоряжении:

- сайт: www.makcm.ru
- e-mail: dag-maks@mail.ru.
- телефон: 8 800 333 06 03 (Круглосуточно. Звонок по России бесплатный).

*С.М. АЛИСУЛТАНОВ,*
*нач.терр.отдела, АО «МАКС-М».*

*Наша служба и опасна и трудна*

# Музейная витрина



В Музее истории МВД по Республике Дагестан недавно появилась новая витрина. В ней экспонаты и фото, рассказывающие о милицейской династии Ханипаевых. Сегодня в органах внутренних дел служит уже третье поколение семьи: отец, сыновья и внуки.

На участке его ласково величали дядя Коля. Говорят, что давным-давно дагестанцы, понимающие сложность произношения своих имен, именовали себя для простоты общения по-русски. Так и стал Касбут Ханипаевич Ханипаев, ставший родоначальником милицейской династии, дядей Колей. 19-летний дылымский паренёк пришел в милицию в военном 44 году случайно, но оказался на своём месте. И 22 года из 34 лет службы в органах внутренних дел «топтал землю» на огромном участке от железнодорожного вокзала столицы Дагестана до так называемой первой Махачкалы. Участкового уполномоченного милиции знали все, от мала до велика. Его за глаза даже сравнивали с героем советского фильма Анискиным. В поле зрения дяди Коли находились и взрослые, и дети, большинство из которых участковый считал добровольными помощниками. И люди действительно помогали.

Адильгерей Магомедтагиров, будучи министром внутренних дел, как-то вспоминал, что в 70-е годы в районе привокзальной площади работал участковым лейтенант милиции Ханипаев. Он не только знал в лицо всех на своем участке, но и в случае необходимости, к примеру, при совершении кражи, мог дать исчерпывающую ориентировку на предполагаемых исполнителей правонарушения.

Сам же Касбут Ханипаевич так вспоминал начало своей службы в милиции:

**- Шла война. Меня с группой односельчан вызвали в райвоенкомат и отправили в Махачкалу. На службу в милиции отобрали семерых ребят.**

И Касбут Ханипаев ни разу не пожалел о своём решении служить в милиции.

По воспоминаниям тех, кто лично знал участкового дядю Колю , говорили, что он являлся великолепным примером для подражания во всем. Ответственный и доброжелательный, но строгий и принципиальный, он никогда не пил и не курил. На участок в служебное время, а служба случалась практически круглосуточно, всегда выходил в милицейской форме. Дядя Коля даже повестки в милицию разносил лично и объяснял причину приглашения в отдел. Говорил, что делал так, чтобы вызываемы й не терялся в догадках и не волновался. За то и уважали. А ещё приходили за советом, делясь житейскими проблемами. И точно знали – обязательно поможет.

Касбутом Ханипаевичем гордятся сыновья и теперь уже внуки, которые пошли по стопам отца и деда, достойно продолжая дело всей его жизни. Так и появилась в органах внутренних дел династия Ханипаевых.

Старшего сына дяди Коли, подполковника полиции Иманали Ханипаева, по праву считали **«сыскарем по духу»**. Он пришел в милицию в 1981 году и верой и правдой служил в разных подразделениях, в том числе и много лет в уголовном розыске. По его рассказам можно детективы писать. Сегодня он уже в отставке, но и его дело продолжают двое из трех сыновей, Усман и Гаджи. Летом 99 года Иманали возглавил сводный отряд милиции из 25 сотрудников УБОП, УСБ, ОМОН. Вместе с ополченцами милиционеры участвовали в освобождении сёл Годобери, Рахата, Шодрода, Ансолта. Его боевые коллеги и он сам награждены за участие в контртеррористической операции боевыми наградами.

С 1999 года в органах внутренних дел служит и младший сын легендарного участкового уполномоченного Касбута Ханипаевича Махмуд. Прапорщик полиции занимает должность оперативного дежурного отдела МВД РФ по Казбековскому району.

Внук Ханипаева-старшего Усман Иманалиевич после окончания средней школы поступил в специальную школу милиции в Махачкале. Окончив её с отличием, Усман стал инспектором по боевой и служебной подготовке в одной из подразделений МВД по РД, потому что к тому времени уже стал именитым спортсменом. Позже старший внук дяди Коли окончил Правовую академию. За отличную работу уже награжден медалью **«За безупречную службу МВД»** 3-й степени.

Ханипаев Гаджи Иманалиевич, как и его старший брат, с раннего детства занимается спортом и тогда же знал, что придет работать в правоохранительные органы. Молодой человек окончил Самарский юридический институт. Его направили в спецназ УФСИН России по Республике Дагестан. Сейчас он служит в полиции, продолжая семейную традицию. Спорт и сегодня – важная часть его жизни. Он, как и брат Усман, победитель и призер многочисленных отечественных и международных спортивных соревнований.

Работают в МВД и невестки участкового уполномоченного милиции дяди Коли. В его семье подрастают правнуки. И кто знает, быть может, и они продолжат дело своего прадеда Касбута. Так и не оборвется ниточка и не изживет себя династия Ханипаевых. А музейная витрина будет пополняться новыми экспонатами.

***Начальник Музея истории МВД по РД подполковник милиции в отставке ветеран боевых действий Анжела Мартиросова***

# Герой России



**Ильясов Арзулум Зиявдинович (1953-2005) –** Герой России, полковник милиции, кандидат юридичсеких наук. Родился 2 сентября 1953 года в селе Гуни Казбековского района Дагестанской АССР в многодетной семье. Окончил среднюю школу в Махачкале и педагогическое училище в Хасавюрте. Работал шофером на предприятии "Медтехника", учителем и заместителем директора школы, заведующим отделом Хасавюртовского райкома ВЛКСМ. В 1971 - 1973 годах проходил срочную службу в Вооруженных Силах СССР. Служил в авторот е мотострелкового полка Приволжского военного округа (Волгоград), уволился в запас в звании младшего сержанта.

Вернулся на родину, окончил Дагестанский государственный педагогический университет, а позднее - юридический факультет Дагестанского государственного университета.

С 1983 года - на службе в органах МВД СССР. Был рядовым милиционером, командиром взвода, с 1991 года - командиром роты в полку патрульно-постовой службы МВД Дагестана. В марте 1993 года перешел в Специальный отряд быстрого реагирования Управления по борьбе с организованной преступностью МВД Дагестана. Был командиром отделения, с 1994 года - заместитель начальника СОБРа, с 1995 года - бессменный командир СОБРа (в 2002 году реорганизованного в Специальный отряд милиции особого назначения МВД Республики Дагестан).

Под его командованием проведены десятки спецопераций по задержанию и ликвидации организованных преступных банд местных, чеченских и международных террористов.

В июне 1994 года группа чеченских террористов захватила автобус с 40 заложниками в Минеральных Водах, а затем на вертолете вылетела в Чечню. Российским офицерам-вертолетчикам удалось обмануть террористов и высадить их в Дагестане. В тот же день группа СОБРа Арзулума Ильясова настигла всех вооруженных террористов в горной местности и захватила их.

В декабре 1994 года СОБРовцы освободили сотрудников СИЗО № 1 Махачкалы, взятых заключенными в заложники. Тогда все преступники были захвачены живыми, заложники не пострадали. С таким же результатом в сентябре 1995 года была проведена спецоперация по освобождению 12 заложников -пассажиров рейсового автобуса Махачкала - Пятигорск, захваченных тремя террористами.

В январе 1996 года отряд СОБРа принимал участие в боях по освобождению заложников, захваченных бандой С. Радуева в селе Первомайское. Причем сначала дагестанских СОБРовцев не допустили к проведению операции. Отряд настоял на своем участии в бою и успешно выбил боевиков из укрепленных позиций. Тогда удалось освободить нескольких заложников. Ночью отряд совместно с подразделениями российского спецназа отразил вылазку крупной банды из Чечни, пытавшейся оказать помощь отряду Радуева. В тех боях погибли 4 СОБРовца и 9 получили ранения (один раненый позднее скончался в госпитале).

В августе - сентябре 1999 года Арзулум Ильясов с подчиненными мужественно сражался с вторгшимися из Чечни бандами террористов в Цумадинском и Ботлихском районах Дагестана, участвовал в освобождении села Карамахи.При проведении спецоперации по захвату одного из главарей террористического подполья в городе Каспийске 15 января 2005 года полковник Ильясов, как всегда, лично повел своих подчиненных на задержание бандитов и в схватке с ними погиб вместе с двумя бойцами (единственная пуля попала ему в сердце через незащищенный бронежилетом бок). Но их смерть не была напрасной: главарь бандитов был уничтожен, еще двое боевиков захвачены живыми.

Награждён двумя орденами Мужества (1996,1999), медалями, в том числе "За отвагу" и медалью ордена "За заслуги перед Отечеством" II степени с мечами.

За мужество и героизм, проявленные при исполнении служебного долга в Северо-Кавказском регионе, Указом Президента Российской Федерации от 6 апреля 2005 года полковнику милиции Арзулуму Зиявдиновичу Ильясову присвоено звание Героя Российской Федерации посмертно. «Золотая Звезда» (№848) Героя вручена матери Арзулума - Хабизат Ильясовой.

Его именем названа одна из улиц города Хасавюрта, где он с отличием окончил педагогическое училище и работал в горкоме комсомола.

Похоронен в родном селе.

***З.З. Ильясов, председатель Дагестанского регионального отделения Ассамблеи народов России.***

*Хирияб калам*

# Ясин

***Маккаялда рещт1инабураб жинда жаниб ункъоялда лъабго аят бугеб***

***Нижеца Къуръаналъул 36-аб сура Ясин газеталда бахъулеб буго, чи хвараб мехалъ - жаназа букъулелъул ва хабада лъабго-анкьго къоялъул дуг1а - алх1ам гьабулелъул ц1алулеб хирияб Аллагьасул калам бук1иналда.***

***Газета ц1алулез суалал рач1унел руго щай гьеб сура ц1алулеб, ялъуни щай цогидаб ц1алулареб абурал. Гьединго суалал рач1унел руго гьеб сураялъул хварасе кумек гьабулищ-гьабуларищ абуралги. Гьел суалазе жаваб кьезеги лъугьинч1ого, нижеца х1укму гьабуна***

***Сасикьа Г1абдурах1маница маг1арул мац1алде буссинабураб Аллагьасул гьеб хирияб калам газеталда бахъизе. Ч1ег1ерал х1арпаздалъун хъварал руго Ясиналъул мухъал, хьах1ал - Г1абдурах1маница кьурал баянал ва мух1канлъаби.***

Ясин. Т1адег1анав Аллагьасда лъала гьаб раг1иялъул щиб маг1на бугебали. Г1алимзабаз абула гьаб Ясин Аллагьасул свалат-салам лъеяв Мух1аммад аварагасул ц1ар бугин абун. Цоги абула гьаб раг1ул маг1на **«Я инсан!»** бугин абун ва цогиги бат1ияб маг1набиги гьаруна г1алимзабаз гьеб раг1иялъул.

2. Жиб мух1канаб, жинда т1аде хиса-баси бач1унареб Къуръаналдалъун гьедулев вуго Дун,

3. Х1акълъунго мун вуго абун, Я Мух1аммад, Аллагьас жал рит1арал аварагзабаздаса цо Расул.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну- г1аббасица абуна: Маккаяльул къурайшияз абидал я Мух1аммад, мун Аллагьасул Расул, гьеч1о, мун Гьес нижехъе расуллъунги вит1ун гьеч1оян. Гьел мушриказул раг1и ч1езабун, жинца Къуръаналдалъун гьа гьедун, Т1адег1анав Аллагьас абуна мун мурсалиназдаса вугоян абун.

4. Х1акъаб ва бит1араб нухалда вуго мун. Гьеб нухги дуда цере рук1арал аваргазабазул нух буго, Аллагь цо гьавун гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьаби. Гьеб буго исламияб дин. Жидеде Аллагьасул рахъалъан бач1араб жо кьабул гьабун, гьеб нух ккун хьвади буго гьеб. Т1убанго жал Аллагьасе ва гьесул расуласе мут1иг1лъиги буго.

5. Гьаб Къуръан рещт1инабуна Жиндир гуч бергьарав, лагъзадерида гурх1ел г1емерав Аллагьас.

6. Гьаб Къуръан дуде рещт1инабуна, Мух1аммад, Дуца гьелдалъун х1инкъи кьезе жеги жидер умумузухъе ва жидехъе Расул вач1инч1еб г1арабиязул кьавмалъе, Аллагьасде иман лъеч1его хьанчие лагълъи гьабиялда т1адч1ани, гьезие жужах1алъул г1азаб бук1ине бугин абун.

Гьел г1арабиял х1акъаб диналдаса ва х1акъаб нухдаса гьапуллъун руго, жидеца гьеб нух лъазе т1алаб гьабулеб гьеч1о ва иман лъезе къасдги гьабулеб гьеч1о.

7. Валлагьи, гьал машриказул г1емерисел жидеца иман лъоларел руго ва гьеб сабабльун жидее жужах1алъул г1азаб х1акълъарал руго.

8. Дица гьаб жужах1алъул агьлуялъул габуралда рахсал ва гудрал рала: нилъазул х1амаялда гъоркь рухьун рук1уна гьезул кверал; кверал горбода рухьун, бет1ер эхеде к1ич1изабун ч1езарула.

9. Жеги гьел капурзаби руго Дица жидеда цебе борхатго сангар гьабурал,жидеда нахъаги гьединабго сангар гьабурал,жидер бералги Дица бецц гьарурал, жидеда щибго жо бихьуларел.

10. Гьал г1адамазе щибго бат1алъи гьеч1о Дуца гьезие х1инкъи кьуниги, х1инкъи кьеч1ониги. Гьел руго жидеца иман лъоларел г1адамал.

11. Дуца х1инкъи кьеялъ жиндие мунпаг1ат гьабулев чи вуго, Мух1аммад, жинца Къуръаналда иман лъурав ва гьелда г1амалги гьебулев чи. Живго цох1о вугев бак1алдаги Аллагьасдаса х1инкъун вук1унев. Дуца гьев муъминчиясда рохел бице Мух1аммад гьесие Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури бугин ва жиб хирияб алжаналъул ниг1маталги ругин абун.

12. Хакълъунго Дун вуго хварал г1адамал ч1аго гьарун т1аде рахъинарулев, гьезул х1исаб-мизан гьабизе ва гьезие жаза гьабизе. Дица гьез дунялалда гьабураб кинабго г1амал хъвала ва гьез х1ет1е ч1арабщинаб бак1ги хъвала. Кинабго жо дица малаикзаби къваза риччан, жиб баянаб, жинца щибго жо гьоркь толареб т1ехьалда хъван буго.

13. Мун гьереси гьавун дуда иман лъезе ч1ух1ун ч1арал Маккаялъул Мушриказе дуца бице, Мух1аммад,цо росдал агьлуялъул къиса. Ант1ак1ият буго гьебан абуна цо г1алимзабаз. Гьезухъе Аллагьасул Расулал рач1араб мех бице.

14. Дица гьезухъе к1иго Расул вит1ана. Доб росдал агьлуялъ гьел гьереси гьаруна ва гьезда иман лъеч1о. Цинги Дица гьев к1иясего квербакъизе ва гьел гуч гьаризе лъабабилев Расулги вит1ана. Гьел Расулаз абуна: **«Ниж руго Аллагьас нуж диналде ах1изе рит1арал расулал»**- абун.

15. Гьеб росдал агьлуялъ абуна: **«Нуж гьеч1о нижедаго релълъа- рал г1адамал гуро. Нуж аваргазаби гуро ва Аллагьас щибго жо рещт1инабич1о. Нуж нужеца гьереси бицунел г1адамал руго, нуж аваргзаби ругоян абураб раг1ялдалъун»** - абун.

16. Гьел Расулаз абуна: **«Нижер Бет1ергьанасда лъала унгого ниж нужехъе рит1арал Расулал рук1ин.**

**17. Нижеда т1адаб жо гьеч1о нижеда амру гьабураб х1алалъ жиб х1акъаб ва баянаб рисалат нужехъе щвезаби гурони»** - абун.

18. Росдал агьлуялъ абуна: **«Гьеб нужер даг1ваталъ нижеда квешаб х1ал бач1инабуна. Гьеб нижее рихунеб, нижее х1ажат гьеч1еб даг1ват буго. Нижерго умумуз гьабулеб батараб дин гьабиялдаса ниж нахъч1валел г1адамал нижее рокьуларо. Нужеца гьеб хабар ч1езе теч1они ва нуж нижеда гьоркьоса нахъе инчони, нуж ганч1ал реч1ч1ун ч1вазе руго ва нужее ц1акъ квешаб г1азаб щвезе буго»** - ян абун.

19. Расулаз абуна: **«Гьеб нужеде бач1араб квешаб х1ал нужгун цадахъ бугеб х1ал буго. Нижедалъун нужее щибго зарал гьеч1о. Нижеца нуж дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде ах1улел руго ва капур-ширкалъул бец1лъиялдаса иманалъул нуралде рачунел руго. Гьадинаб лъик1аб жоялдалъун нужее ваг1за гьабураб мехалъ, нужеда квешаб х1ал кин бач1унеб? Нужеца бицунеб раг1и бит1араб гьеч1о. Нуж руго Аллагьасде г1асилъиялъул ва мунагьал г1емер гьариялъул г1орхьолъа ун ругел г1аламал»** - абун.

20. Цинги гьеб росдал ц1ик1 к1адаб рахъалдаса ц1акъ хехго векерун цо чи вач1ана ва гьес абуна: **«Я дир къавм,нуж гьал Расулазда нахърилълъа»- абун. Ибнукасирица абуна «Доб росдал агьлуялъ Расулазул даг1ват босич1ого, гьел ч1вазе къасд гьабураб мехалъ, гьеб бак1алде т1аде вач1ана ц1акъго хех векурун ва г1едег1ун Х1абибу Нажар абун жинда ц1ар бугев муъминчи. Гьев вук1ана жинца ххам бессулев (ткач) ва садакъа г1емер гьабулев чи»**- абун.

(Хадусеб бук1ине)

"Х1акъикъат" газеталдасан босараб №36.

*Спорт - инсанасул сахлъи*

# Турнир т1обит1ана

Дагьал церегIан къояз Ленинаул росдал цIи бараб спортзалалда тIобитана гьеб баразул хIурматалда гIолилазда гьоркьоб гугариялъул турнир.



Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель И.И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов, Ленинаул росдал имам ПамиргIали Абубакаров, халкъазда гьоркьосеб категориялъул судья ХIамзат ГIабасов, Муса Пазаевасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул директор МухIамад Пазаев ва цогидалги.

Турниралда гIахьаллъана Дагъистаналдаса, Чачан республикаялдаса ва Узбекистаналдаса 150 ялде гIагарун речIухъаби.

***И. Идрисов.***

# Последние известия

- В Дахадаевском районе произошла стычка силовиков с местными жителями.

На Магарамкентском посту таможенники Дагестана задержали 34 кг. курительной смеси.

-По национальному проекту «Демография» в Дагестане до 2022 года запланировано строительство 59 детских яслей.

-В Махачкале состоялось собрание ученых богословов муфтията республики по определению начала месяца Рамадана.

- В Дербенте выявили подпольный коньячный завод.

- В Забайкалье солдат срочник Рамиль Шамсутдинов расстрелял восьмерых сослуживцев и сдался спецназу.

-В билжайшее время г. Избербаш осчастливится прибытием священных реликвий Посланника Аллагьа (мир Ему).

- В Дагестане 315 детей - сирот обеспечат жильем.

- Абасу Алиеву из Ингушетии на днях исполнилось 120 лет.

-Депутаты Народного Собрания РД приняли закон об увеличении детского пособия.

-Дагестан получит еще 70 школьных автобусов до конца текущего года.

- Международная акция « Большой этнографический диктант-2019» проведена 1 ноября в Дылымской гимназии имени М.М. Салимгереева.

# Объявления

Утерянный аттестат А№777358 выданный Дылымской средней школой в 1992 году на имя **Увайсова Муслима Махмудовича**, считать недействительным

Утерянный аттестат В- 0057236 об основном общем образовании выданный Инчхинской средней школой в 2005 году на имя **Уцумиева Арслана Исламудиновича**, считать недействительным

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №332 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*